Tere na lépp lu am bëñ ci negment yi, ak lépp lu am aw sàll ci ñanaaw yi

Jële na ñu ci Ibn Abbaas yal na leen Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne: Tere na lépp lu am bëñ ci negment yi, ak lépp lu am aw sàll ci ñanaaw yi.

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tere na ñuy lekk bépp negment ci rab yiy fàdde di rëbbe seen i bëñ, ak lépp ñanaaw luy dagge ak di jàppe ci sàllam.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/64643